Нобэ КъБР-м и Парламентым республикэм и Іэтащхьэр хех

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№203 (22.861) • 2014 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 9, махуэку • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий:

ФІыри Іейри къыщежьэр унагъуэрщ

Террорым пэщІэтыныжмкІэ республикэ комиссэм и зэІущІэу КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм вэсэмахуэ иригъэкІуэкІам хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым КъБР-м къегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий А. И., КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т. Б., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Альтуд Ю. Къ., министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщыІэпэуд къэмыгъэхъунымкІэ щыгъэкІуэкІ профилактикэ лэжьыгъэр» и программэ къуэдзэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и транспорт Іэнатіэм зегъэужьыныр» КъБР-м и къэрал программэм «Шынагъэншагъэ здэщыІэ республикэ» и программэ къуэдзэр гъэзэщІэным ахъшэ зэрыхуаутІыпщымрэ ар къызэрагъэсэбэным кърикІуэмрэ я Іуэхум», «ЩІалэгъуалэм я Іуэху зыІутым, апхуэдэу лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэм якІэпыІупльныр къызэрызэгъэпэщамрэ КъБР-м и щІалэгъуалэм Іуэху епльыкІэ егъэлеяхэр къыщащтэ шынагъэхъужныжмрэ я Іуэхум», «Дин экстремистхэм ятхъэкъуэ цІыхухэм пыухыкІауэ ядэлэжьэныжмкІэ зэфІагъэкІхэм я Іуэхум». Абыхэм ятеухуауэ докладхэр ящІащ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Емуз Н. Гъ., КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къудей А. М., Гражданым жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныжмрэ лъэпкъхэм я Іуэхухэмкіэ управленэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Героковым Д. Б. сымэ.

ЗэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, хабзэхъумэ органхэмрэ муниципальнэ щыІалъэхэм я администрацэхэмрэ зэгурыІуэу зэрызэдэлэжьам и фІыщІэкІэ, 2014 гъэм кърибыдэу республикэм щыІэ оперативнэ щытыкІэр нэхъ зэтес ящІыжьын, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я Іэужьхэр къэмыгъэхъун, ЩІэныгъэм и махуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр хэхыным зыщыкъуагъэхъэзырымрэ ахэр щрагъэжьуэкІымрэ шынагъэншагъэ къызэрагъэпэщыным, жылагъуэ хабзэр яхъумэн яхуэзэфІэкІащ.

Ауэ, а псоми къадэкІуэу, щэхурылажьэ бзаджащІэ гупхэм щыщхэм фокІадэ мазэм «Налшык - Аруан» автомобиль гъуэгум лагъым Іэрыщі къыщагъэуэну хэтащ. МазуитІ апэкІэ Бахъсэн районым щІэпхъаджащІэхэм ящыщхэр щаухьащ. Нэхъ ятІупщІэ а районым дыдэм къыщагъуэтауэ щытащ Іэщэрэ шэхэмрэ зыщІэлъ щІыунэ.

«А щапхъэхэр щыхьэт тохъуэ щІыхухэм шынагъуэ ятемыгъэхьэныжмкІэ, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ апэщІэтыныжмкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр щІэгъэхуэбжьэн зэрыхуейм. Зэпымыууэ ди нэІэ зытедгъэтыпхъэхэм ящыщщ щІалэгъуэлэ Іуэхухэр, лъэпкъхэм, динхэм яку дэлъ зэхущытыкІэхэр», - щыжиІащ зэІущІэм КІуэкІуэ Юрий.

Экстремизмэм и Іэужьхэр къэмыгъэхъуным хуэунэтІауэ республикэм лэжьыгъэшхуэ щыкІащ. Апхуэдэу щыт пэтми, щІэпхъаджащІэхэм нобэм къэс яхуэзфІокІ щІалэщІэхэм ящыщ куэд зыхашэн. Мис а Іуэхум, республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм зэрыжиІамкІэ, Іэпэдэгъэлэлуубгъэдыхьэ хъунукъым. Абы и Іэныкьуэкіэ нэгъэсауэ тэмэму къыпхуэльытэныгъкъым радикальнэ Іуэху епльыкІэм зэрызиубгъуар къэпщытэным хуэгъэзауэ цІыхухэм зэрахэупщІыхьым кърикІуэкэр.

Профилактикэ лэжьыгъэр курыт еджапІэхэмрэ вузхэмрэ я мызакъуэу, щІэгъэхуэбжьауэ спорт школхэм, спортым зыщыхуагъасэ щІыпІэхэм, псом япэу - унагъуэхэм щегъэкІуэкІын хуейщ. «ФІыри Іейри къыщежьэр унагъуэрщ, - жиІащ абы теухуауэ КІуэкІуэ Юрий. - Дэ дызыхуейр псалъэ дахэхэмрэ зэгуэр зэфІагъэкІыну я мурадхэм ятеухуа тхыгъэхэмрэкъым, атІэ лэжьыгъэ пыухыкІащ, Іуэху тэмэмхэрщ. Абы папщІэ цІыхум я фІэщ ухъун хуейщ. Араща зи зэхэщІыкІыр иджыри нэсу зэттемыуваxэм, ауэ хабзэм зэкІэ емыбэкъуахэм тэмэму епсэлъэфын Іэщ1агъэлІхэр щІэгъэкъуэн къыщІащІыпхъэр».

Налшык къалэ округым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Къуэдзокъуэ М. М., Іуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ, Шэрэдж муниципальнэ районхэм я Іэтащхьэхэу Малкаров А. А., Джатэ Р. Хь., Муртазов Б. С. сымэ къапсэлъахэм едэІуа нэужь, КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм жиІащ цІыхухэм шынагъэншагъэ къахуэзэгъэпэщыным, щІалэгъуалэм пыухыкІауэ ядэлэжьэным хуэунэтІауэ дяпэкІи зэфІагъэкІыпхъэхэр икІэщІыпІэкІэ убзыхун хуейуэ къызэрилъытэр.

Терроризм пэщІэтыныжмкІэ комиссэм и зэІущІэм къыщыхагъэщцхьэхуКІащ «2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м хабзэр къыщызэпаудэ къэмыгъэхъунымкІэ, жылагъуэ хабзэмрэ жылагъуэ шынагъэншагъэмрэ щыхъумэнымкІэ ирагъэкІуэкІ профилактикэ лэжьыгъэр», «Шынагъэншагъэ здэщыІэ республикэ», «2020 гъэм нэсыху КъБР-м и транспорт Іэнатіэм зегъэужьныр» къэрал программэхэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэн папщІэ финансхэр къызэрызэщІагъэуІуэм ныкъусанигъэ щхьэхуэхэр зэрыхэлъыр.

Зытепсэлъыхьа Іуэхухэр дэгъэкІыным хуэунэтІа унафэхэр къащтащ, зэІущІэм къыщыпсэлъахэм жаІахэмрэ абыхэм къыхалъхьа Іуэху пыухыкІахэмрэ къэлъытауэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыхуэзащ Абхъазым и Президент Хаджимбэ Рауль

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ лъэныкъуитІыр социально-экономикэ Іэнатіэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм я лъэныкъуэкІэ зэдэлэжьэныжмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрымрэ Абхъазымрэ ис лъэпкъхэм яку зэман Іэджэ лъандэрэ зэпыщІэныгъэхэр дэлъщ. Дэ ди зэхущытыкІэхэр зэманым и гъэунэхуныгъэхэм пхыкІащ икІи, шэч хэмылъу, дяпэкІэ абыхэм зауэжьынущ», - кІэхигъэщхьэхуКІащ КІуэкІуэ Юрий.

Хаджимбэ Рауль хэхауэ къигъэлъэгъуащ Абхъазым и щыналъэм мамырыгъэр щызэтегъэуэвэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЦІыхухэм куэд зэрызэфІагъэкІар: «Дэ тщыгъупщакъым ди дежкІэ нэхъ хьэлъэ дыдэу щыта илъэсхэм фи республикэр къызэрыддэІэпыкъуар».

Фигу къэдгъэкІыжынщ: Хаджимбэ Рауль Абхъазым и Іэтащхьэу щыхахащ и пІалъэр къэмысауэ 2014 гъэм шыщхьэуІум и 24-м ирагъэкІуэкІа президент хэхынигъэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Юрий ди телевиденэм и зэфІэкІыщІэхэм щыгъуазэ зещІ

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрийрэ Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием и генеральнэ директорым и къуэдзэ Сабитов Рифатрэ дыгъуасэ еплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием бжыгъэхэр зи лъабжьэ и комплексыщІэм.

ІЭЩІАГЪЭЛІХЭМ хьэщІэхэм къыжраІащ «Урысей 1 Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканалым игъэлъагъуэхэм республикэм и щІыпІэ псоми щІыпсэухэр тэмэму епльыныжмкІэ иджырей оборудованэмрэ технологиехэмрэ Іэмал псори къызэрызэрагъэпэщащ. Техникэщ1эр зэтегъэуэвэным текІуэдар сом мелуани 120-м щІегъу. А Іэмэпсымэхэм я зэфІэкІыр иджыпсту ди телевиденэр зыхуэныкъуэхэм нэхърэ куэдкІэ нэхъ лъэщщ икІи зэман къэкІуэнум тещІыхьащ. Псалъэм папщІэ, апаратнэ нэхъыщхьэм зэуэ каналищкІэ программэхэр игъэлъэгъуэфынущ.

КІуэкІуэ Юрий медиахолдингым и унафэщІ Добродеев Олег фІыщІэ хуищІащ республикэр зыхуэныкъуэхэмкІэ сытым дежи кІэзэрыдэІэпыкъум папщІэ. «Олег Борис и къуэм и псалъэр игъэпэжащ. «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием къигъэсэбэп техникэр къызэрагъэщІэрэщІэжам а Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэр Іуэхум нэхъри трегъэгушхуэ», - жиІащ абы.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Щэнхабзэ

Адыгэхэм я блэкІар къызыхэщыж лэжьыгъэхэр

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэн къыщыдэІуахащ. Абы хагъэхьащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий зэхуихьса сурэтхэм щыщхэр.

СУРЭТХЭМ щыбольагъу Кавказым и тхьдэм щыщ напэкІуэцІ къызэтрагъэхьа. Абыхэм дыщагъэгъуазэ XVI - XIX лІэщІыгъуэхэм псэуа адыгэ пащащхэм, щІалэ къуданхэм, джынахэм, къэбэрдей полкым и зауэлІхэм я гъащІэм щыщ теплъэгъуэхэм, абыхэм зэрахьэу щыта фащэхэмрэ Іэщэхэмрэ.

Зэхьыхэ гуапэр къызэІуихащ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Вэрокъуэ Владимир. Абы къыщыпсэлъащ КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Темыркъан Геннадий, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъуроку Хьэутий, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, Дуэазджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ институтым и ректор Рахаев Анатолэ, нэгъуэщІхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм теуха тхыгъэ дги газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Хъыбар гуапэ

Ухуэныгъэ щхьэпэ

Нартан къуажэм дэт езанэ курыт школым къыпащІыхьа унэшхуэм щыгуфыкІар егъэджакІуэхэмрэ абыхэм я гъэсэныгъэмрэ я закъуэтэкъым. Ар нэрылъагъут ухуэныгъэщІэр къыщыдэІуахьм иращІэкІа даудапщэр жылэпсо гуфІэгъуэ зэрыхъуамкІэ. Къуажэдэсхэм а Іуэху гуапэмкІэ екъуэхъуну школым къекІуэлІат цІыху куэд.

ЖЫЛЭМ и нэхъыжьыфІхэм, адэанэхэм ящІыгъут хьэщІэ лъапІэхэу КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр **Емуз Нинэ**, Шэджэм район администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Къанщобий** сымэ, нэгъуэщІхэри. Лъэпкъ фащэхэр зыщыгъ ныжьыщІэхэр адыгэ джэгукІэ гуапэу къапежьащ абыхэм.

- Нобэ жылэм и махуэшхуэщ. Ныжьыщ1эхэр хуабжьу зыхуэныкъуа, школым щекІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр хэпщІыкІыу езыгъэфІакІуэну ухуэныгъэр и Іэнэ нэгъэсащ икІи хуит хуащІ зейхэм. Си гуапэу сыныВохъуэхъу апхуэдэ гуфІэгъуэмкІэ, - жиІащ министр Емуз Нинэ. - КъуэхэзгъэщІну сыхуейт егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм епха объектыщІэ зыбжанэ илъэсыр имыухыу республикэм иджыри зэрыщащтІыпщынур. Апхуэдэу хэпщІыкІыу едгъэфІакІуэнущ курыт школхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр. Гупльэтэ хэха хуэтІыпнуц еджапІэхэм я спорт залхэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къыздгъэпщыным.

Іэгуауэшхуэм щІэту хьэщІэхэм зэпаупщащ унэщІэм и щІыхьэпІэм деж ищІа лентІ плъыжьыр. ИтІанэ ахэр абы и кІуэцІым ирагъэблагъащ икІи школым къыгащІыхьа Іыхьэм щыгъуазэ зыхуащІащ.

- Спорт залышхуитІым нэмыщІ, - жиІащ школым и унафэщІ **Щоджэн Руслан**, - гуфІэгъуэ зэхуэсхэр щрагъэкІыжкІ хъуну актовэ пэш дэгъуэ, мастерскойхэр диІэш иджы. Ахэр псори ухуэныгъэм и иджырей мардэхэм хуэкІуэу ящІащ, зыхуеину оборудованэхэмкІи къызэгъэпэщащ. Псори зэхэту ухуэныгъэщІэм текІуэдащ сом мелуан 36-рэ.

- Илъэс 13-кІэ дыззжьа, дызыхуэныкъуа ухуэныгъэм хуабжьу дыщогугфыкІ псори: егъэджакІуэхэри, еджакІуэ цІыкІухэри, адэ-анэхэри. Ныбжьыщ1эхэм спорт и Іэныкьуэкіэ зэрызэдгъэужьыныр нэмыщІ, иджы Іэмал диІэщ класс нэхъыщІэхэм щеджэ цІыкІухэр махуэм зэ пщтыру дгъэшхэну, - жиІащ школым и унафэщІ Щоджэн Руслан. - ФІыщІэ ин яхудощ1 егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм апхуэдэ гулъытэ къыхуэзыщІ ди унафэщ1хэм, апхуэдэуи ухуэныгъэр къызыхуэтяныншэу зэфІэзыхэ Іэщ1агъэлІхэм.

Махуэшхуэр яІэту еджакІуэ цІыкІуэхэм концерт ятащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
Сурэтхэр
Мамий Руслан *трихащ.*

Пэжыр хэт зыщІэр?

ООН-м и кІэлъыплъакІуэ гупхэм я нэІэ тетщ Украинэм щекІуэкІхэм, абы щытыкІэм зэрызыщыхъуэж щыкІэм.

Зэпэщ1эуэ лъэныкъуэхэм Іэщэ къамыгъэсэбэпыну фокІадэм и 5-м зэгурыІуа пэтми, а хабзэр къызэпаудурэ абы лъандэрэ Украинэм щІыху 330-м щІигъу щыхэкІуэдащ. Апхуэдэу дыгуасэ жиІащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгурыкъэныгъэм щІыхьэ и хуитыныжхэр хъумэныжмкІэ и комиссар нэхъыщхьэ Зейд Раад Зейд аль-Хусейн, Донбасс щІыналъэм щыІэ щытыкІэм щытепсэлъыхьым.

«Мэлыжьыхьым и кум къыщыщІэдзауэ жэпуэгъуэм и 6 пщІондэ я Украинэм щІыху 3660-рэ щыхэкІуэдащ, 8756-рэ уІэгъэ щыхэкІащ. Мамыру пІалъэкІэ зэдекІуэкІыну щызэгурыІуа фокІадэм и 5-м къыщыщІэдзауэ жэпуэгъуэм и 6 пщІондэ я Іэрылым, я нэхъ мащІэрамэ, щІыху 331-рэ щыхэкІуэдащ», - и псалъэхэм щыхьэт техьуэ дэфтэрэхр и тегъэщІапІэу къыхигъэщащ комиссарым.

А зауэм щІыхуу зэкІуэдахэм я бжыгъэри, зэхэкъутэныгъэу къыдэкІуари иджыпсту щыуагъэншэу къэпщІафыныр фІэщущІыгъуейщ. Ар икъукІэ къалэн гуГъущ. Псори наІуэ къыщІыхьунур а къэралым мамырыгъэр щызэтеувэжу зэман дэкІыжа нэужьщ.

ООН-м и лыкІуэм къихьа бжыгъэхэм щэч къытрахьэ УФ-м щыщ политологхэми, сыту жыпІэмэ, псалъэм папщІэ, а зауэм хэкІуэдахэм хабжакъым Донецк пэмыжьжьэу щыщІалъхьауэ къагъэтэжа щІыху 400-р. Апхуэдэхэр дапщэ хъуми хэт зыщІэр?

Мазэр иубыдат

Америкэ Ипщэмрэ Ищхьэрэмрэ, Австралием, Новэ Зеландием, Японием, Азием и къэрал зыбжанэм щыпсэухэр дыгъуасэ кІэлъыплъащ Мазэр зэриубыдам.

Ар зэрагъэлъагъун фІэкІа нэгъуэщІ щхьэусыгъуэ ямыІэу а щІыналъэхэм кІуаxэри мащІэкъым. Ди къэралым а теплъэгъуэ телъыджэр я нэгу щыщІэкІащ Къуэкіыпіэ Жыжьэм щыпсэуахэм.

Дыгъэмрэ Мазэмрэ яхуэзанщІэу я зэхуакум ЩІыр щыдэувэрщ апхуэдэ кІыщыхъур. Ди планетэм и ныжьыбгр тридзэрэ, Мазэр умылъагъуж хъуауэ арат. Апхуэдэ щытыкІэ уафэм къызэрыщыхьурэ куэди щІатэкъым - мэлыжьыхьым и 14-ми иубыдат Мазэр. ЕтІанэгъэ мэлыжьыхьым и 4-ми къытригъэзэкынущ абы - а планетищыр апхуэдэ дыдэу сатыр занщІэу иувыкІынурэ Мазэм щІыхухэм «зафІигъэпщкІунущ».



◆Пощтым и дунейпсо махуэщ

◆2004 гъэм Афганистаным а къэралым щыяпэу президент хэхынигъэхэр щекІуэкІащ. А къулыкъур хуагъэфэщащэу щытащ Карзай Хьэмид.

◆Жапуэгъуэм и 9 - 10-хэм Белоруссием и къалащхьэ Минск щекІуэкІынущ СНГ-м хьыхь къэралхэм я сабий дохутырхэм я еханэ Конгрессыр.

◆Убых тхакІуэ, журналист **Щхьэплъы Зубейдэ** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

◆Хуэдэ, хьэрычэтышІэ, «ААА» фирмэм и унафэщІ **Къуршэ Валерэ** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

◆Актрисэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, республикэм щІыхь зиІэ и журналист **Мысостышхуэ Маринэ** къыщІалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уджым сыхэплъафэ щхьэкІэ, сыкъеплъэфэкІын?

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Бюджетым хэзыгъахъуэр

● Ахъшэ

Еврэмрэ доллармрэ елытауэ сомым и уасэр иохуэх. А щытыкІэр и сэбэпщ бюджетым, абы и хахъуэр нэхъыбэ мэхъу. Ацхуэдэ Іуэхуэмкіэ «АиФ»-м къыдэгуэшащ «Аналитикэ департаментым и унафэщІ Разуваев Александр.

«СОМЫМ и пщІэр зэрыхэщІыр бюджетым хэлъхьэныгъэфІ хуохъу. Дауэ хъуми, щІыдагъэмрэ газымрэ щелэжь компаниехэм я хэхъуэр къызэрабжыр сомкІэщ. Дыззрыт илъэсым и яп мазихым бюджетым и профицитым хуэдитІкІэ хэхъуэрэ, сом триллиони 3-м щІигъуащ», - жиІащ Разуваевым.

ІэщІагъэлІым къызэрилытэмкІэ, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм епльытмэ, сомым и пщІэр зэрехуэхыр фІыкІым. Ар къызыхэкІыр санкцэхэмрэ щІыдагъэм и уасэм зэрыхэщІымрэщ.

«Сомым и пщІэр зэрехуэхыр нэхъыбэу зэран зыхуэхъуэр акцэхэмрэ нэгъуэщІ дэфтэр лъапІэхэмрэщ. Абы инфлэцэри щІегъэхуабжьэ. ЦІыхухэм уасэхэм хэхъуэн я гугъуэу я гъэтІылъатІэхэр псынщІэу ирагъэкІ, абы инфлэцэр нэхъ егъэпсынщІэ. Урысейм инфлэцэр процент 9 - 10-м щынэсынкІэ хъуэнущ. Пэжщ, минитІ гъэхэм инфлэцэр куэдкІэ нэхъ ину щытащ, ауэ абы щыгъуэм экономикэм псынщІэу зиужьырти, цІыхухэми я хэхъуэр нэхъыбэ хъурт», - жеІэ Разуваевым.

Департаментым и унафэщІым зэрыжиІэмкІэ, щІыдагъэм и уасэмрэ Украинэм щекІуэкІ политикэ щытыкІэмрэ иджыри зыкъомрэ елытауэ щытынущ сомым и уасэр. «ЩІыдагъэм иджыпстуи уасэм тепщІыхьмэ, зы доллар сом 38 - 39-рэ хъун хуейуэ аращ. ИджыкІэ гугъуэу щІыдагъэм и уасэмрэ Украинэм щекІуэкІымрэ Іуэху ятепщІыхьынущ. Ауэ сомым и пщІэр игъэбыдэжину гугъапІэ щыІэщ. ЩІымахуэр къызэрыблагъэми елъытащ дыщэ фІыцІэм и уасэнр. КъухьэпІэми Киев къызэрыдэІэпыкъунур щигъэтащи, Украинэм Іэщэ зэпэщІэуэвэныгъэ хъужьын хуейкъым», - дыщІигъащ Іэщ-щагъэлІым.

«Аргументы и факты».

● Ди псэлъэгъуэхр

Урысей Федерацэм и министр Скворцовэ Вероникэ и жэуапих

***Сымаджэхэм пщІэ зыщІамыт медицинэр къуэралым дежкІэ пщІэншэкъым. Медицинэм текІуадэ ахъшэм куэдкІэ щыхохъуэ къэрал псоми: цІыхуэхр жьы мэхъу, уасэхэми хохъуэ. Иджырей Іэмалхэм фІэкІа ямыІэу цІыхуэхм медицинэ дэІэпыкъуныгъэр тыншу зрагъэзгъэтыфу зэтеІыгъэныр, абы щыгъуэми технологиещІэхэр ІэнатІэм къыщыгъэсэбэныр зэкІэлъитІгъэкІуэн хуей мэхъу министерствэм. Диламрэ нобэ дыздыкъэсамрэ ятеуухуауэ «РГ»-м къыдэгуэшащ УФ-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр Скворцовэ Вероникэ.**

- Язныкъуэ хэгъуэгуэхм щыІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэр щхьэ апхуэдизу зэщхьэщыкІрэ, дауэ зэлъэщІэбгъэхьэж хъунущ Москвэрэ гъунапкъэхэмрэ щекІуэкІ Іуэхур?

- СССР-р кІутэжа нэужь медицинэ Іэнатіэми зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр кІыльыкъуэкІащ. Зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым: совет поликлиникэхэмрэ сымаджэщхэмрэ я процент 30-р 1990 гъэхэм кІэдыжьа ІуэхуцІыпІэ зэхъуэныгъэхэм я пІащІэпІащ. Сымаджэщхэм хуаутІыпщ ахъшэм зэуэ пичри, сымаджэхэм я тепІэнщІэлъынри, я шхынри яІыгъыу сымаджэщхэм кІуэн хуей хъуащ, уеблэмэ, пэшхэр езыхэм щызэщІакъуэж, ремонт щащІ щыІэщ.

1993 гъэм унафэ къыдэкІауэ щытащ узынщагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэр зэгъуэгуэм зэрырапхыжьым теухуауэ, абы хьихьэрт поликлиникэхэмрэ сымаджэщхэмрэ финанс дэІэпыкъуныгъэ етынри. ЩІынальэ нэхъ зызыужьахэм абы ахъшэ нэхъыбэ трагъэкІуэдащ, щІыхуэ зытелъхэм кІэзэрызэрагъэпэщыфар нэхъ мыхьэнэнщэуц. Абы ипкъ иткІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэр къуралым и цІыху псоми зэхуэдэу лъагъэІэсыфу зэтеубла хъуакъым. 2008 - 2009 гъэхэм фІэкІынІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ щІынальэхэм щызэфІэкІэ хъуа тарифхэр хуабжьу зэщхьэщыкІырт, псальэм ЫыдэкІуэу жыпІэмэ, ар Москва 25-кІэ щынэхьыбот Ивановэ нэхьэрэ.

А щытыкІэр ягъэзэкІуэжьын мурадкІэ, 2010 - 2011 гъэхэм цІыхухэм яп медицинэ дэІэпыкъуныгъэ егъэгъуэтыныжмкІэ жыпхъэхэр яубзыхуауэ щытащ, пщІэншэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зыхиубыдэ программэр зэрагъэзэхужащ. Абы ипкъ иткІэ, зэщхьэщыкІынигъэхэр нэхъ мащІэ хъуат, ауэ итІани зэхуэдэтэкъым.

2013 гъэм щІышылэм и 1-м цІыхухэр псори зэхуэгъэдэнырэ, къуралым иІэ Іэмалхэр тэмэму тегуэшэныр кІэлъыплъащ. ОМС-м и щІыналъэ программэм хэгъуэгуэм ис бжьыгъэм, нэгъэщІ щхьэхуэныгъэхэм ятеуухуауэ ахъшэ хухахыу щІадзащ. Абы ипкъ иткІэ, 2011 гъэм ельытауэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр щІыналъэхэм зэхуэдэ нэхъ щыхьуащ, зэгъуэгуэр иджы йогугъу дунейпсо мардэхэм изагъэу сымаджэхэм еІэзэнщІ.

- Узынщагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм стандартизацэр къыхэльхэным щытепсэльыхьым и деж куэд арэзы хъуркъым: дохутырым и Іуэхутхьэбзэхэр пщалъэ гуэрым ибгъэувэ хъунукъым, сымаджэхэм я хьэлэчэ зэрызэтемыхуэм къыхэкІыу. Сыт стандартым къыхьынур?

- Пэжщ, медицинэ зэрыпсынкІыгъэр сыт щыгъуэ щхьэхуэу щытын хуейщ. Дохутыр Іэщ-Іагъэр творческэ Іэщ-Іагъэхэм ящыщщ: щІэныгъэр, лэжьыгъэр, ГуязджэкІ щызэхэпщащ. Дауэ мыхьуми, медицинэр стандартизацэм хэзыкІыущ, ар абы гулъэф хуэхъунукъым, атІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр нэхъ ІуэутыгъуафІэ хъуну аращ, Стандартизацэр Іыхьэ-Іыхьэуэ Іэнатіэм хэпщэн хуейуэ аращ. ИтІанэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыми хэхъэнущ, цІыху псоми я дежкІэ ІуэутыгъуафІэуи щытынущ. КъыхэгъэщІыпхъэщ мыри: медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ-Іапіэхэм я лэжьыгъэр зэрызэтраублагъхьэ жыпхъэхэр яхуэбгъэувын и пэ къыхуэу щІыналъэ псоми щыІэ сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ я «псэукІэр» зы щытыкІэм хуэгъэкІуэн хуейщ. Абы папщІэ 2011 - 2013 гъэхэм узынщагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм модернизацэ щрагъэкІуэкІауэ щытащ: кхъаэ хъуа сымаджэщхэр зэрагъэпэщыжащ, щІэкІр яуэуащ, медицинэ техникэхэр, Іэмэпсымэхэр, компьютерхэр щІагъэуващ.

- Технологиещ-Іэхэр дауэ къэбгъэсэбэпмэ нэхъыфІ? Псальэм папщІэ, компьютер томографыр лъапІэр поликлиникэ къэс пхущІэгъэувэнукъым.

- Пэжщ. Абы ипкъ иткІэ, ар узэгупсысауэ узыбгъэщхьэн хуей Іэхущ. «Сосудистэ программэмэ» ипкъ иткІэ, иджы япэу Іыхьищ зэщхьэщыка медицинэ дэІэпыкъуныгъэ кІыхьэдгъэпэщащ араш. Ялпэм хьихьэ медицинэ Іуэхущ-Іапіэхэм (район, участкэвэ) я нэхъ лъэщхэр кІыхэтхри, етІуанэм хьихьэ центрхэр духуащ, цІыхухэр зэрыльІкІынкІэ хъуну узыфхэр щагъэхъуну. Апхуэдэ медцентрхэр зыдэтыр цІыху мин 30 мынэхъ мащІэ зыдэс, зы сыхьэт нэхъ темыкІуадэу сымаджэр центрым епшэлІэфын хуэдэу гъуэгу тэмэмхэр зиІэ къалэхэрщ. Апхуэдэ центрхэр зыхуей псомкІи къызэгъэпэщащ зи псантхуэм сэкъат игъуэта цІыхум и лажьэр къызэращІэн Іэмэпсымэрэ ирахьлІэн псомкІи уэздауэ. Абы дохутыр Іэщ-ІагъэлІэхэри щолажьэ. Апхуэдэ центрхэр еужьэрэкІыу къэрал псом къыщыызэІуах нобэкІэ, 2011 гъэ лъандэрэ хуэди 3,7-кІэ нэхъыбэ хъуащ а центрхэм я бжьыгъэр.

- Дэ Іэпыкъуэгъу псынщІэм сымаджэр медицинэ Іуэхущ-Іапіэ нэхъ гъунэгъум имышэу, къеуэлыкІэ къыщыдэІэпыкъуфыну сымаджэщым ишэн щхьэкІэ сыт щІэн хуейр?

- Ар тэмэму къызэгъэпэщын хуейуэ араш. Иджыпсту хъезэгъыркъым цІыхур зэрылІыкІынкІэ хъуну уз (инфаркт миокард, инсульт, кома, н.кь.) къызэуэлІа сымаджэ участкэвэ, район сымаджэщхэм пшэну. Аэр зи гугъу тщІы сымаджэхэм зэрелэжэн ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрэпэщакъым. Апхуэдэ зэ къызэуэлІа сымаджэр занщІэу етІуанэ лъагагъым хэдбжь центрхэм шэн хуейщ, абы хущхъуэхэри, Іэмэпсымэхэри, Іэщ-ІагъэлІхэри щыбгъэтынущ. Апхуэдэ лъагагъым дыззэкъуэгъэ гуузэ зиІэу лІэхэм я бжьыгъэр хуэдиплІкІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

Зи гугъу тщІы псори медицинэ дэІэпыкъуныгъэ егъэгъуэтыныжмкІэ хабзэм къыщыхьащ. Ар гъэзэщІа зэрыхъум кІэльоплъ «Росздравнадзор»-р.

- Дэ Іэпыкъуэгъу псынщІэм и Іэнатіэм и лэжьыгъэм сыткІэ зихуэхэр?

- Нэхъыщхьэр абы уздишэм и закъуэкъым, атІэ ар псынщІэу къызэрысми куэд елытащ. Иджыпсту апхуэдэ машинэхэр ГЛОНАСС навигацэ техникэкІэ къызэгъэпэщащ. Иджы диспетчерым фІыуэ ещІэ бригадэр здэщыІэ щыІэпІэр. Абы ипкъ иткІэ, цІыхухэр дэІэпыкъуэгъу псынщІэм зэрежьэу щыта дакъикъэ бжьыгъэр 20-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Абы къищынэмыщІауэ, дохутырым, машинэм здисым, телефонкІэ чэнджэщхэр яритыфынуц сымаджэм щхьэщытхэм. Ялныныкъуэхэм деж сымаджэм е Іэзэнмыльр заншІэу щІбдзэнырэ Іэмал зимыІэщ, е ирамыщІапхъэ гуэр иращІэмэ, ари щыуагъэу къыщІэкІынкІэ хъунущ. ГЛОНАСС-р абыкІэ дэІэпыкъуэгъушхуэ хъунущ.

- Дохутырым и лэжьакІэр и улахуэми елъытащ. Медикэм къаХь ахъшэм хэхъуэнущ?

- 2018 гъэм ирихьэлІэу, дохутырхэм ику иту къаХь улахуэр щІынальэхэм экономикэ Іэнатіэм къыщыхьым нэхъ я хуэдитІкІэ нэхъыбэ хъуи хуейщ. Медсестрахэм яйри экономикэ Іэнатіэм ику иту къаХьым хуэдизэныпхъэщ. Апхуэдэ унафэ Президентым ищІащ. 2014 гъэм и яп илъэс ныкъуэм дохутырхэмрэ курыт Іэщ-Іагъэ зиІэхэмрэ я улахуэр процент 17-кІэ нэхъыбэ хъуащ 2013 гъэм ельытауэ. Ауэ ди къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэльэгъуамкІэ, щІынальэхэм щылажьэхэм я улахуэхэр хуабжьу зэщхьэщокІ.

Ар зэпхар улахуэр зэрызэхэлъ щыкІэрщ. Улахуэ къабзэр процент 30-м нэблагъэ араш, тезыгъэгушхуэу (стимулирующэу) тралъхъэ ахъшэр процент 50-м фІокІ. Ауэ щыхъуКІи тезыгъэгушхуэм щыщу Іэщ-ІагъэлІым къыльысыр нэхъыбэм зэльытар дохутырым и Іэзагъымрэ зэрылажьэ илъэс бжьыгъэмрэкІэ, атІэ и унафэщІыр къызэрыхущыт щыкІэрщ.

Улахуэр зэрызэхэлъыну Іыхьэр щІынальэм дежи щыбзыхужу 2005 гъэм апхуэдэ унафэ къащтащ. Ди министерствэм Іэмал зэхуэмыдэхэр щІынальэхэм щигъэунэхуащ улахуэр захуагъэм ятету яту щытын папщІэ. Абы кІэрикІуахэм ятеухуауэ дечэнджещащ ЛъжьыгъэмкІэ министерствэм, сымаджэщхэм я унафэщІэхэм, профсоюзхэм я лЫкІыкъэм. ИкІи да дгъэхьэзыра чэнджэщхэр щІынальэхэм ахуедгъэхьащ. Абы нэхъыщыхьэ дыдэу къыщыгъэльэгъуар дохутырым ират ахъшэр зэрызэхэлъым ящыщу улахуэ къабзэр процент 50 - 60-м нагъэсын хуейуэ аращ. Апхуэдэ къыхуедджэныгъэ зэрыт письмохэр хэгъэуэгу псоми едгъэхьакІэщ.

НЕВИННАЯ Иринэ.
«Российская газета».

● ТхылъыщІэ



Лъэпкъ хабзэм и хъумакІуэ нэхъыжьхэр

Тэн Іуфэ Іус Ростов къалэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр зи лъабжьэ щІэныгъэ тхылъ. «XVIII-XIX лІэщІыгъуэхэм Шэрджэсым щыпсэуа лъэпкъэхэм я гъащІэм нэхъыжьхэм щаІа мыхьэнэр» монографиер зи къалэмыпэм къыпыкІар Гъуэгу зэпыщІэныгъэхэмкІэ Ростов къэрал университетым Тіуапсы щиІэ къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ, тхыдэдж Хьэгъур Нуриетщ.

ХьэГъУРЫР Тіуапсы районым хыхьэ Новомихайловскэ жылэм къыщалъхуащ. Адыгей къэрал университетым тхыдэмкІэ и хуабжьу 1999 гъэм ихуэра нэужь, бзылъхугъэ ныбжьыщІэр дихьэхащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъэхэм я псэукІэм хэлъ социальнэ хабзэхэм, ахэр щІыналъэм щекІуэкІ политикэм зэрепхам, нэгъэщІэхэми. А Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ тхыдэгъэ хьэлэмэтхэр ильэс 15-м нэсауэ ирегъэкІыкІ Нуриет. 2005 гъэм абы екъуІэныгъэ из пІуэ ихъгъэкІащ щІэныгъэлІ куэдым яфІэхьэлэмэт хъуа кандидат диссертацэр. 2012 гъэ лъандэрэ Хьэгъуэрыр Гъэгъу зэпыщІэныгъэхэмкІэ Ростов къэрал университетым Тіуапсы щиІэ къудамэм и кафедрэм и доцентщ.

- Си лэжьыгъэм къыщыгъэльэгъуэну сыхуэщІэкъащ кавказ лъэпкъхэм игъащІэми ямыдэкІуэкІ хабзэ екІуэхэм, ихьапщтэмэ, нэхъыжьхэм жылагъуэм щІэ пщІэ хэхам, яІэ мыхьэнэмрэ абыхэм ягъуэт зыужьыныгъэмрэ, - и тхылъым тепсэльыхьу жеІэ Нуриет. - Нэхъыжьхэрщ ди лъэпкъ хабзэм и хъумакІуэр. Абыхэм пщІэ лей яхуэщІын лъэпкъ хьэлар адыгэ гъащІэм щынэхъыщхьэхэм, уеблэмэ жылагъуэр зэтезыльгъэу щыта щынэхэм ящыщу ижь-ижьыж лъандэрэ къоКІуэ.

Хьэлэмэту икІи купщІафІэу тха хъуащ монографиер. Архив хъумапІэхэм щІэлъ дэфтэрхэр зи тегъэщІапІэ тхыгъэ гъэщІэгъэнэхэм ящыІуэу тхылъым ихуащ адыгэ дунейр къэзыгъэльагъуэ сурэтхэр. Абыхэм я фІыгъэкІэ тхылъеджэм нэхъ нАІуэу и кІыщІеГъэхьэф авторыр зытепсэльыхь Іуэхугъуэхэр.

НЫБЭ Анзор.

● Пэжым ухуеймэ

ЦІыху дапщэ щыпсэурэ Урысейм?

Ди къэралым ис цІыху бжьыгъэр зэрыхэщІыр яущхуэу зэрыхуагъэфащэм теуХуа тхыгъэхэр экспертхэм щІэх-щІэхыгъэ утыку кърахьэ. Псалъэм папщІэ, иджы дыдэ «Росбалт.ру» хъыбарегъащІэ Іуэхущ-Іапіэм наІуэ хьэщІащ социолог, журналист Желенин Александр и тхыгъэр. Абы къыззрыщигъэльэгъуамкІэ, Урысейм цІыху исыр езы къэралым къызэригъэльагъуэ мелуани 143-рэ хъууэ щытыкъым, атІэ нэхъ мащІэщ.

ЖЕЛЕНИНЫМ зэрыжиІэмкІэ, ди цІыхухэм я бжьыгъэр мелуани 137-рэщ зэрыхъур. Урысейм къыщалъхур щылІэм нэхърэ фІыуэ зэрынэхъ мащІэм къыхэкІкІэ, цІыху бжьыгъэм псынщІэ дыдэурэ хощІ. Арщхьэкіэ «Росстат»-р абы арэзы техъуэркъым.

Гу лъитапхъэщ Совет Союзыр зэрыльэльэжрэ Урысейм ис цІыху бжьыгъэм илъэс къэс фІыуэ хэщІыпрэ зэрыкІуэм. Уеблэмэ, иужь илъэс 20-м мы къэралым къыхуихуащ зы илъэсым и ІуэрыІуатэ. Ауэ ди къэпщытэныгъэхэм я кІуэцІкІэ цІыху бжьыгъэм зы мелуанибгъэм нэблагъэ щызхащІа. Псом нэхърэ нэхъыбэу цІыху бжьыгъэм щыкІэрыхуар 90 гъэхэм я кІэхэмрэ минитІ гъэхэм я яп илъэсхэмрэщ. Иджыпсту Урысейм щрагъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэм къриКІуаХэм къагъэльагъуэ къэралым къыщалъхур нэхъыбэ хъужьын зэрыщІидзар. Арщхьэкіэ ар иджыри лІэм нэхърэ нэхъ мащІэщ.

Мы Іуэхур къызыхэкІымрэ ар гъэзэкІуэжа зэрыхьэнумрэ ятеухуауэ тхыдэдж, щІэныгъэлІ Щдуэ Азэмэт и елтъыкІэр «Свобода» радиом къыжриІащ: «ЦІыхур мащІэ зэрыхъум тепсэльыхьхэурэ, ар псальэмакъуу кхонэж Іуэху къызыкІа ямыщІу. Ар зэльытар экономикэ, псэукІэ, нэгъуэщІ лъэныкъуэхэрщ. ЦІыхур бэгъуэн щхьэкІэ, къэралым сыт и лъэныкъуэкІи защІигъэкъуэн хуейщ абы щыпсэухэм. КъищынэмыщІауэ, сэ сызэрелъхьымкІэ, къэралым зиужьыху, абы ис цІыхубзхэми къалэн нэхъыбэ яІэ мэхъу. ЦІыхубзым унагъуэ Іуэхум нэмыщІ, нэгъуэщІ куэд и пщэм дилъхьэж хъуа нэужь, къалъхур хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ хъунущ».

«Свобода» радио.

● Іуэху епльыкІэ

Къэралыгъуэ хъужыну пІэрэ?

АДПР-м и Іэтащхьэ Жириновский Владимир Къэрал Думэм къыщыщыпсалъэм жиІащ Урысей унафэр псори и ІэмыщІэ ильу пащтыхь хэхьн хуейуэ. А къулыкъыр Путиным иратми хъуну къелъытэ депутатым.

«УРЫСЕЙР узынщэ зыщІыжьын Іэмалхэм хуэныкъэщ, - жиІащ Жириновскэм. - Европэм ещхьу куэд къэдлэжьу, куэд тшхыыу дыпсэун хуейуэ зэрыжаІэр тэмэмкъым. Туэ щыщ ди гъуКІэм инджылыз ЦІывым нал щІиукІащ щытащ. Абы ахъшэ щхьэкІэ ищІауэ аракъым ар, атІэ урыс ІэщІагъэлІхэр инджылызхэм нэхърэ зэрынэхъ Іэзэр къиГъэлъэгъуауэ аращ».

Абы нэмыщІ, депутатым щапхъэу къыхьащ Калашниковыр, абыи ахъшэ щхьэкІэ къигупсысакъым Іэщэр, атІэ и акъыл зыпэлъэщыр, и псэр зыхущІэкъур ищІауэ аращ.

Либерал-демократ партым и пашэм къыщыгъэльэтэмкІэ, урысхэр мылъкуи, хъугъуэфІыгъуи хущІэмыкъуу лэжьэнущ, я псэр зыгъэтынныр ІэщІагъэ яхуэхъу закъуэмэ. ИкІи абыкІэ урысхэр дуней псом лъэпкъыу тетым къащхьэщыкІыу жеІэ Жириновскэм. «Дэ тхуэзэфІэкІынущ дуней псом я пашэ дыхъуну, абы Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ Атлантикэ Ищхъэрэмрэ хэгъэкІауэ», - кІэпщещэ депутатым.

Абы зэрыжиІэмкІэ, Романов щы лъэпкъым я щІэблэ дымыльхъуэу, илъэс щІыРыпщІкІэ тету пащтыхь хэхьнхъщ. Демократие щытыкІэм дытекІынукъым, пІалъэр екІуэкІыхуклІэ унафэр пщым и Іэмыщ1э илъын хуейуэ аращ.

Мы гупсысэр иджы япэу къежьауэ аракъым. Урысейм монархие парт щыІэщ, ауэ ар Къэрал Думэм щыкІуэрыКІыфакъым. Езы Жириновскэмри мы гупсысэр нэхъ ипэІуэкІэ утыку кърильхьауэ щытащ. Путиным жриІащ абы и къулыкъым «император» фІэщым хуейуэ, е ар мыхьумэ, «унафэщІ нэхъыщхьэ»-кІэ еджапхъэ.

Жириновскэм къызэрильытэмкІэ, Урысейм джанэ хуэмыхьу тІэу къыщатІэгъащ: япэу - коммунист джанэр, етІанэу - демократ джанэр. «АХэр урыс Іэнкъльэпкъым хуэдИкІуащ» - жеІэ политикым икІи псынщІэ дыдэу ар щыхьн хуейуэ къыхуреджэ.

Нэхъ ипэІуэкІэ, «Селигер» форумым Жириновскэм щыжиІауэ щытащ: «Демократием дэ дгъэкІуэдынущ. А гъуэгум дытетыхуКІэ дыпщыну аращ. Дымыпщу дыбэкъуэн щхьэкІэ, империе Іуэхущ1экІэм дытехьэжьыпхъэщ».

БЭРОКЪУЭ Артур.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

СССР-м и тхакІуэхэм я пленум Москва щокІуэкІ. Абы хэтщ къэралым и щІыпІэ куэдым я лЫкІуэхэри.

Сэмэгумкіэ къыщыщІадзауэ: **Кулиев Къайсын①, Гамзатов Расул④, КІыщокъуэ Алим⑤, Карим Мустай⑥, Отаров Керим⑦, адыгей тхакІуэ Льостэн Исуф⑩, шэрджэс усакІуэ Гъэщокъуэ Хъусин⑪ сымэ.** *1974 гъэ*

● Ди псэлъэгъуэхр

Урысей Федерацэм и министр Скворцовэ Вероникэ и жэуапих

Сымаджэхэм пщІэ зыщІамыт медицинэр къуралым дежкІэ пщІэншэкъым. Медицинэм текІуадэ ахъшэм куэдкІэ щыхохъуэ къэрал псоми: цІыхуэхр жьы мэхъу, уасэхэми хохъуэ. Иджырей Іэмалхэм фІэкІа ямыІэу цІыхуэхм медицинэ дэІэпыкъуныгъэр тыншу зрагъэзгъэтыфу зэтеІыгъэныр, абы щыгъуэми технологиещІэхэр Іэнатіэм къыщыгъэсэбэныр зэкІэлъитІгъэкІуэн хуей мэхъу министерствэм. Диламрэ нобэ дыздыкъэсамрэ ятеухуауэ «РГ»-м къыдэгуэшащ УФ-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр Скворцовэ Вероникэ.

- Язныкъуэ хэгъуэгуэхм щыІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэр щхьэ апхуэдизу зэщхьэщыкІрэ, дауэ зэлъэщІэбгъэхьэж хъунущ Москвэрэ гъунапкъэхэмрэ щекІуэкІ Іуэхур?

- СССР-р кІутэжа нэужь медицинэ Іэнатіэми зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр кІыльыкъуэкІащ. Зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым: совет поликлиникэхэмрэ сымаджэщхэмрэ я процент 30-р 1990 гъэхэм кІэдыжьа ІуэхуцІыпіэ зэхъуэныгъэхэм я пІащІэпІащ. Сымаджэщхэм хуаутІыпщ ахъшэм зэуэ пичри, сымаджэхэм я тепІэнщІэлъынри, я шхынри яІыгъыу сымаджэщхэм кІуэн хуей хъуащ, уеблэмэ, пэшхэр езыхэм щызэщІакъуэж, ремонт щащІ щыІэщ.

1993 гъэм унафэ къыдэкІауэ щытащ узынщагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэр зэгъуэгуэм зэрырапхыжьым теуХуауэ, абы хьихьэрт поликлиникэхэмрэ сымаджэщхэмрэ финанс дэІэпыкъуныгъэ етынри. ЩІынальэ нэхъ зызыужьахэм абы ахъшэ нэхъыбэ трагъэкІуэдащ, щІыхуэ зытелъхэм къызэрызэрагъэпэщыфар нэхъ мыхьэнэнщэуц. Абы ипкъ иткІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэр къуралым и цІыху псоми зэхуэдэу лъагъэІэсыфу зэтеубла хъуакъым. 2008 - 2009 гъэхэм фІэкІынІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ щІынальэхэм щызэфІэкІэ хъуа тарифхэр хуабжьу зэщхьэщыкІырт, псальэм ЫыдэкІуэу жыпІэмэ, ар Москва 25-кІэ щынэхьыбот Ивановэ нэхьэрэ.

А щытыкІэр ягъэзэкІуэжьын мурадкІэ, 2010 - 2011 гъэхэм цІыхуэхм яп медицинэ дэІэпыкъуныгъэ егъэгъуэтыныжмкІэ жыпхъэхэр яубзыхуауэ щытащ, пщІэншэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зыхиубыдэ программэр зэрагъэзэхужащ. Абы ипкъ иткІэ, зэщхьэщыкІынигъэхэр нэхъ мащІэ хъуат, ауэ итІани зэхуэдэтэкъым.

2013 гъэм щІышылэм и 1-м цІыхуэхр псори зэхуэгъэдэнырэ, къуралым иІэ Іэмалхэр тэмэму тегуэшэныр кІэлъыплъащ. ОМС-м и щІыналъэ программэм хэгъуэгуэм ис бжьыгъэм, нэгъэщІ щхьэхуэныгъэхэм ятеуухуауэ ахъшэ хуахахыу щІадзащ. Абы ипкъ иткІэ, 2011 гъэм ельытауэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр щІынальэхэм зэхуэдэ нэхъ щыхьуащ, зэгъуэгуэр иджы йогугъу дунейпсо мардэхэм изагъэу сымаджэхэм еІэзэнщІ.

- Узынщагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм стандартизацэр къыхэльхэным щытепсэльыхьым и деж куэд арэзы хъуркъым: дохутырым и Іуэхутхьэбзэхэр пщалъэ гуэрым ибгъэувэ хъунукъым, сымаджэхэм я хьэлэчэ зэрызэтемыхуэм къыхэкІыу. Сыт стандартым къыхьынур?

- Пэжщ, медицинэ зэрыпсынкІыгъэр сыт щыгъуэ щхьэхуэу щытын хуейщ. Дохутыр Іэщ-Іагъэр творческэ Іэщ-Іагъэхэм ящыщщ: щІэныгъэр, лэжьыгъэр, ГуязджэкІ щызэхэпщащ. Дауэ мыхьуми, медицинэр стандартизацэм хэзыкІыущ, ар абы гулъэф хуэхъунукъым, атІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр нэхъ ІуэутыгъуафІэ хъуну аращ, Стандартизацэр Іыхьэ-Іыхьэуэ Іэнатіэм хэпщэн хуейуэ аращ. ИтІанэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыми хэхъэнущ, цІыху псоми я дежкІэ ІуэутыгъуафІэуи щытынущ. КъыхэгъэщІыпхъэщ мыри: медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ-Іапіэхэм я лэжьыгъэр зэрызэтраублагъхьэ жыпхъэхэр яхуэбгъэувын и пэ къыхуэу щІыналъэ псоми щыІэ сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ я «псэукІэр» зы щытыкІэм хуэгъэкІуэн хуейщ. Абы папщІэ 2011 - 2013 гъэхэм узынщагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм модернизацэ щрагъэкІуэкІауэ щытащ: кхъаэ хъуа сымаджэщхэр зэрагъэпэщыжащ, щІэкІр яуэуащ, медицинэ техникэхэр, Іэмэпсымэхэр, компьютерхэр щІагъэуващ.

- Технологиещ-Іэхэр дауэ къэбгъэсэбэпмэ нэхъыфІ? Псалъэм папщІэ, компьютер томографыр лъапІэр поликлиникэ къэс пхущІэгъэувэнукъым.

- Пэжщ. Абы ипкъ иткІэ, ар узэгупсысауэ узыбгъэщхьэн хуей Іэхущ. «Сосудистэ программэмэ» ипкъ иткІэ, иджы япэу Іыхьищ зэщхьэщыка медицинэ дэІэпыкъуныгъэ къызэрагъэпэщащ араш. Ялпэм хьихьэ медицинэ Іуэхущ-Іапіэхэм (район, участкэвэ) я нэхъ лъэщхэр кІыхэтхри, етІуанэм хьихьэ центрхэр духуащ, цІыхухэр зэрыльІкІынкІэ хъуну узыфхэр щагъэхъуну. Апхуэдэ медцентрхэр зыдэтыр цІыху мин 30 мынэхъ мащІэ зыдэс, зы сыхьэт нэхъ темыкІуадэу сымаджэр центрым епшэлІэфын хуэдэу гъуэгу тэмэмхэр зиІэ къалэхэрщ. Апхуэдэ центрхэр зыхуей псомкІи къызэрэпэщащ зи псантхуэм сэкъат игъуэта цІыхум и лажьэр къызэращІэн Іэмэпсымэрэ ирахьлІэн псомкІи уэздауэ. Абы дохутыр Іэщ-ІагъэлІхэри щолажьэ. Апхуэдэ центрхэр еужьэрэкІыу къэрал псом къыщыызэІуах нобэкІэ, 2011 гъэ лъандэрэ хуэди 3,7-кІэ нэхъыбэ хъуащ а центрхэм я бжьыгъэр.

- Дэ Іэпыкъуэгъу псынщІэм сымаджэр медицинэ Іуэхущ-Іапіэ нэхъ гъунэгъум имышэу, къеуэлыкІэ къыщыдэІэпыкъуфыну сымаджэщым ишэн щхьэкІэ сыт щІэн хуейр?

- Ар тэмэму къызэгъэпэщын хуейуэ аращ. Иджыпсту хъезэгъыркъым цІыхур зэрылІыкІынкІэ хъуну уз (инфаркт миокард, инсульт, кома, н.кь.) къызэуэлІа сымаджэр, участкэвэ, район сымаджэщхэм пшэну. Аэр зи гугъу тщІы сымаджэхэм зэрелэжэн ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрэпэщакъым. Апхуэдэ зэ къызэуэлІа сымаджэр занщІэу етІуанэ лъагагъым хэдбжь центрхэм шэн хуейщ, абы хущхъуэхэри, Іэмэпсымэхэри, Іэщ-ІагъэлІхэри щыбгъэтынущ. Апхуэдэ лъагагъым дыззэкъуэгъэ гуузэ зиІэу лІэхэм я бжьыгъэр хуэдиплІкІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

Зи гугъу тщІы псори медицинэ дэІэпыкъуныгъэ егъэгъуэтыныжмкІэ хабзэм къыщыхьащ. Ар гъэзэщІа зэрыхъум ильоплъ «Росздравнадзор»-р.

- Дэ Іэпыкъуэгъу псынщІэм и Іэнатіэм и лэжьыгъэм сыткІэ зихуэхэр?

- Нэхъыщхьэр абы уздишэм и закъуэкъым, атІэ ар псынщІэу къызэрысми куэд елытащ. Иджыпсту апхуэдэ машинэхэр ГЛОНАСС навигацэ техникэкІэ къызэгъэпэщащ. Иджы диспетчерым фІыуэ ещІэ бригадэ